

Titè avèk Responsab ak Fonksyon Limite

Titè avèk Responsab ak Fonksyon Limite se yon **relasyon legal** ant titè ak titèl (moun ki sou titèl oswa gen moun ki responsab li ak fonksyon limite) ki te kreye nan yon tribinal ak jiridiksyon apwopriye. Nan eta Florida, se sèlman Tribinal Siksesyon an ki genyen dwa pou nome titè pou minè, majè ki gen enkapasite ak majè ki gen andikap devlopmantral sou responsablite ak fonksyon limite. Moun oswa sosyete ki ta renmen sèvi kòm titè oswa responsab ak fonksyon limite (gade lwa 393.12) genyen menm pouvwa, dwa, ak responsablite ki defini nan Lwa Florida chapit 744 oswa sa yo tribinal la defini sou s.744.

Yon titèl kapab kreye pou pèsonaj titèl la li menm, pou pwopriyete titèl la oswa pou tou de. Titèl pèsonaj yon timoun minè diferan ak gad yon timoun minè. Tribinal Siksesyon an pa gen otorite pou bay titèl sou pèsonaj yon timoun minè ki gen yon paran vivan bay okenn lòt moun ki pa paran li san konsantman oswa avi chak paran ki vivan bay. Titèl pèsonaj la pa bezwen menm ak titèl pwopriyete a, menm si sètènman yon moun ka jwe tou de wòl. Kapab gen de oswa plis titèl, ki ka refere kòm ko-titèl.

Daprè Règ Tribinal Siksesyon nan Lwa Florida 5.030, pou jwenn titèl sou yon minè oswa yon majè ki soufri maladi granmoun oswa lòt moun ki te vin gen laj majè, ou dwe anplwaye yon avoka — responsablite ak fonksyon limite sou Lwa Florida 393.12 sou moun ki gen andikap devlopmantral se sèl eksepsyon pou règ sa a. Pou yon minè, avoka a ap depoze yon petisyon ak yon aplikasyon nan non yon moun ki pwopoze kòm titè a. Nan ka yon moun ki majè, avoka a ap depoze yon Petisyon Pou Enkapasite ki eksplike enkapasite yo di moun nan genyen an epi yon Aplikasyon Pou Nominasyon Kòm Titè nan non moun ki vle vin titè a. Kou yo fin depoze Petisyon Pou Enkapasite a, Tribinal la ap nome yon avoka pou rankontre ak moun yo di ki enkapab la ak pwoteje dwa moun sa a. Epi tou tribinal la ap nome twa manm Komite Egzamen pou evalye moun yo di enkapab la epi soumèt yon rapò ekri ki defini kapasite moun yo di ki enkapab la.

Nan Nevyèm Sikwi Jidisyè a, avan yo kapab tande zafè titèl la, tout titè ak responsab ak fonksyon limite yo pwopoze yo kapab pase yon Verifikasyon

Kazyè Jidisyè Nivo De An Dirèk (W ap jwenn enfòmasyon sou biwo ki fè verifikasyon an dirèk yo nan <http://www.ninthcircuit.org/research/court-forms/probate>) pou konnen si aplikan an gen yon bagay nan pase li oswa te komèt yon krim ki pa piblik ki fè li pa kalifye. Rezilta kazyè jidisyè a dwe soti dirèkteman nan Florida Department of Law Enforcement (Depatman Aplikasyon Lalwa Florida) ak Federal Bureau of Investigation (Biwo Envestigasyon Florida) bay ORI (FLO48094Z) yo chwazi a pou titè familyal yo. Si yo ta twouve yon kondanasyon oswa tribinal la pa te kondane moun nan menm si li te koupab oswa yon jijman pou gen gad yon timoun, avoka oswa responsab ak fonksyon limite a ap resevwa yon lèt k ap eksplike gen yon rezon li pa kalifye. Lwa Florida 744.309(3) di, “Piga yo nonmen okenn moun yo te kondane pou yo krim oswa ki, akòz yon enkapasite oswa maladi, pa kapab fè travay li kòm yon titè, oswa gen yon lòt rezon li pa apwopriye pou fè travay li kòm yon titè, kòm yon titè. An plis, pigay yo nome okenn moun yo te detèmine nan tribinal te komèt abi, abandon, oswa neglijan kont yon timoun jan li defini nan s. [39.01](#) ou s. [984.03](#)(1), (2), ak (37), oswa yo te jwenn koupab, kit yo te kondane li ou pa, oswa li pa te konteste oswa li te koupab, nenpòt ofans ki entèdi sou s.[435.04](#) oswa yon lwa konsa nan yon lòt jiridiksyon, pou aji kòm yon titè.”

Kontwolè tribinal la ap fè yon verifikasyon kredi pou tout aplikan ki bezwen yo none li kòm Titè Pwopriyete nan Nevyèm Sikwi Jidisyè a. Si kredi yon titè yo pwopoze pa gen okenn pwoblèm, y ap mete yon dokiman ki di pa gen okenn pwoblèm sou dosye Tribinal la. Men, si aplikan an genyen pwoblèm ak kredi li, la p bezwen ekri pou eksplike rezon pwoblèm ak kredi li a. Apre nou resevwa eksplikasyon an, y ap depoze yon dokiman ki eksplike kredi moun yo pwopoze kòm titè a ansanm ak deklarasyon moun yo pwopoze kòm titè a.

Sou Lwa Florida 393.12, yon moun ki ta renmen vin responsab ak fonksyon limite pou yon moun ki gen yon andikap devlopmantral pa oblije genyen yon avoka. Men, yo pa kapab sipoze yon moun genyen yon andikap devlopmantral sèlman paske li ap resevwa sèvis lakay li. Yon moun ki ta renmen yon reponsab ak fonksyon limite yon moun ki gen yon andikap devlopmantral ki kapab konprann kèk, men pa tout, dwa li yo dwe depoze pètisyon ak aplikasyon ki apwopriye (tout fòm ak enstriksyon pou responsab ak fonksyon limite yo disponib pou gade ak telechaje nan

<http://www.ninthcircuit.org/research/court-forms/probate-guardian-advocate>) ansanm ak dokimantasyon, tankou Plan Ansèyman Endividyalize (IEP), Evalyasyon Sikolojik ak dosye medikal.

Menm jan yo nome yon avoka pou yon moun yo di ki enkapab, Tribinal la ap nome yon avoka pou reprezante moun ki pwopoze kòm titèl la nan yon ka pou gen yon responsab ak fonksyon limite.

Yon moun yo di ki enkapab oswa gen yon andikap devlopmantral dwe la nan jijman an amwenske li pa vle vini, oswa avoka titèl la di li pa oblije la oswa amwenske yo montre yon bon rezon poukisa moun nan pa kapab la.

Nan swasant jou apre dat Lèt Pou Titèl la, titè/responsab ak fonksyon limite pou moun nan dwe depoze yon Premye Plan ak Prèv Sèvis Premye Plan an. Si titèl la se yon Titè Pwopriyete tou, li dwe depoze yon lis Envantè ak tout pwopriyete moun ki sou titèl la (pwopriyete tankou tè, kay ak byen pèsònèl). Plan Chak Ane, ansanm ak Rapò Doktè a, pou moun sa yo ki se Titè Pèsònaj la. Moun k ap aji kòm Titè Pwopriyete yo dwe ranpli dokiman Kontabilite Chak Ane tou.

Apre yo nome titè/responsab ak fonksyon limite a, li gen kat mwa pou patisipe nan yon klas sou titèl familyal sikwi a otorize. Nan Nevyèm Sikwi Jidisyè a, Seniors First (407-297-9980), ki genyen biwo li nan 5395, L.B. McLeod Road, Orlando, Florida 32811, anseye sèl klas sou titèl familyal otorize.

Nou nome titè avèk responsab ak fonksyon limite pou pwoteje moun ki sou titèl la ak pwopriyete li, ak pou defann dwa moun ki sou titèl la tou. Moun ki sou titèl yo gen dwa pou yo trete yo tankou moun, ak respè epi ak diyite. Epi tou yo gen dwa pou moun vizite yo, pou moun pa fè diskriminasyon kont yo, pou yo ale lekòl, resevwa sèvis, pou pwoteje vi prive yo, ak pou yo endepandan mezi li posib. Pou fini, kòm yon titè avèk responsab ak fonksyon limite ou genyen yon responsablite pou depoze yon Sijasyon Kapasite si moun ki sou titèl ou a vin genyen kapasite pou egzèsè nenpòt nan dwa yo te retire nan men li yo.